



# Politik Aksè Lang

## Seksyon

### Apèsi

6 Oktòb 2011, Gouvènè Andrew M. Cuomo te siyen Dekrè Egzekitif 26 ki dirije ajans egzekitif eta yo ki bay sèvis piblik dirèk pou ofri sèvis asistans nan lang (tradiksyon ak entèpretasyon) pou moun ki gen konpetans limite nan lang Anglè (Limited English Proficiency, LEP). Nan siyen Dekrè Egzekitif sa a, Gouvènè Cuomo te rekonèt ke gen dè milyon Nouyòkè ki pa pale lang Anglè kòm lang prensipal yo epi ki pa gen ase kapasite pou li, pale, ekri oswa konprann Anglè. Pou Nouyòkè sa yo, estati LEP yo prezante potansyèl baryè pou jwenn aksè nan pwogram ak sèvis enpòtan gouvènman yo.

### **Kisa Dekrè Egzekitif 26 egzije?**

- Chak ajans eta egzekitif ki bay sèvis piblik dirèk oblije ofri sèvis **entèpretasyon** pou moun nan lang prensipal yo konsènan pwovizyon sèvis oswa benefis yo.
- Ajans sa yo oblije tou Aksè Lang tradwi dokiman enpòtan yo, tankou dokiman piblik yo tankou fòm yo, nan sis (6) lang ki pi komen yo ki pa Anglè ke moun LEP yo pale nan Eta New York (baze sou dènye done resansman Etazini an).
- Ajans yo oblije nonmen yon Kowòdonatè Aksè Lang epi pibliye yon Plan Aksè Lang.

### **Ki sis (6) lang ki pi komen ke yo pale apa Anglè nan Eta New York?**

Nan moman sa a, sis (6) premye lang yo se:

- Espanyòl
- Chinwa
- Ris
- Kreyòl Ayisyen
- Bengali
- Koreyen

Byenke tout ajans eta ki kouvri yo oblije bay sèvis tradiksyon pou sis (6) lang sa yo, kèk ajans ka chwazi tou pou ajoute lòt lang selon bezwen popilasyon yo sèvi a ak lòt egzijans federal yo.

### **Plan Aksè Lang (Language Access)**

#### **Kisa Plan Aksè Lang lan ye?**

Yon Plan Aksè Lang etabli aksyon ki dwe pran pa ajans lan pou asire aksè enpòtan nan sèvis yo. Sa a enkli men pa limite a lis dokiman tradwi ak lang ki disponib yo, total anplwaye ki gen ladrès ak kapasite nan aksè lang, plan fòmasyon, plan siveyans anyèl, ak estrateji konsyantizasyon. Ajans yo oblije mete Plan Aksè Lang yo ajou regilyèman. Plan sa yo disponib sou sit entènèt ajans lan.

#### **Konbyen Nouyòkè ki pale yon lang ki pa Anglè nan kay la?**

Plis pase 5.7 milyon moun k ap viv nan New York pale yon lang ki pa Anglè. Nan sa yo, 2.5 milyon moun pale Anglè mwens ke byen. Baze sou Sondaj sou Kominote Ameriken 2013-2017 la, kantite moun LEP ki pale youn nan sis (6) premye lang yo se:

1. Espanyòl: 1 249 541
2. Chinwa: 386 290
3. Ris: 122 150
4. Kreyòl Ayisyen 63 615
5. Bengali: 62 219
6. Koreyen: 60 405

### **Kontak Ajans Eta a**

#### **Ki ajans eta ki oblije bay sèvis Aksè Lang?**

Chak nan ajans sa yo bay sèvis Aksè Lang epi yo gen yon Kowòdonatè Aksè Lang ki kontwole konfòmite ajans lan avèk Lòd sa a.

Klike pi ba a pou jwenn enfòmasyon:

<https://www.ny.gov/language-access-policy#state-agency-contacts>

### **Fòm Plent**

#### **E si yon moun pa resevwa asistans lang adekwa oswa yo te refize ba li sèvis yo?**

Jan Gouvènè Cuomo te endike nan Dekrè Egzekitif la, se politik Eta New York pou ajans ki kouvri yo bay sèvis aksè lang pou sèvis ak pwogram piblik yo. Si ou santi yo pa bay sèvis entèpretasyon apwopriye oswa yo te refize w asistans tradiksyon apwopriye, tanpri ranpli fòm plent lan nan ajans eta a ki apwopriye a. Ou ka jwenn fòm sa yo atravè kontak ajans eta ki endike anwo a.

Pou plis kesyon oswa enfòmasyon, tanpri imèl [LanguageAccess@exec.ny.gov](mailto:LanguageAccess@exec.ny.gov)